# ZAMANAGOY BASSHI KOMPETENTLIGIN QÁLIPLESTIRIW FAKTORLARI

**Bayımbetova Xamida Jiemuratovna**

*https://doi.org/10.5281/zenodo.21909433*

Kompetentlik delingende basshıda intelektual kásiplik ilimiy tájriybe hám kónlikpe, shıdamlılıq, jaratıwshanlıq, baslamashılıq, dóretiwshilik, shólkemlestiriwshilik, óz pikirin jaqsı bayan ete alıwı–sóylew sheberligi, isendire alıw, qadaǵalaw, baqlaw qábileti, talapshanlıq, esinde saqlap qalıw, tárbiyalıq qatnasıqlarda belsendilik hám pedagogikalıq tásir kórsetiw, basqarıwshılıq hám liderlik qásiyetleri formalanǵanı túsiniliwi múmkin.

Kompetentlik bul basqarıw barısında basshı ushın eń zárúrli ayrıqshalıqlardan bolıp, basshınıń pedagogikalıq iskerlikke jaramlılıǵın hám sol iskerlik penen áwmetli shuǵıllana alıwın, sonıń menen birge, pedagogikalıq processlerdi shólkemlestiriw hám basqara alıwın belgileydi.

Pedagogikalıq qábiliyetleriniń shólkemlestirilgen sistema sıpatında tómendegi komponentlerin ajıratıp kórsetiw múmkin.

Didaktik kompetentlik-bul jámáátti basqarıwda túrli jaǵdaylarda gózlengen maqsettiń mazmun hám mánisin, oǵan erisiw jolların hám usı baǵdardaǵı wazıypalardı barlıq atqarıwshılarǵa anıq hám ayqın, túsinikli etip jetkize alıw, olarda usı wazıypalardı orınlawǵa juwapkershilik sezimin hám qızıǵıwın oyata alıw, sonıń menen birge, maqsetke erisiwde jámáát aǵzalarınıń hámmesiniń qatnasıwın támiyinley alatuǵın qábiletler bolıp tabıladı.

Didaktik qábiliyetlerge iye bolǵan basshılar túrli jaǵdaylarda shárayattan kelip shıǵıp, tálim mákemesinde payda bolatuǵın mashqalalı jaǵdaylarda, mashqalalardı sheship biliwge jaǵdaylı jandasıw tiykarında hám basshılarǵa tán túrde, óz múmkinshiligi sheńberinde iskerlik kórsetedi, stereotiplerdi, yaǵnıy jámáátte ámeldegi bolǵan jasalma tusinik hám mashqalalardı sheshiwde, túrli baǵdarlarda qararlar qabıl etiwde jámáát pikirin úyrenedi.

Bul qábiletler tiykarında jámáát psixologiyasına tán turaqlı baǵdarlaw jatadı hám bunday qábilet iyesi bolǵan basshı óz isshileriniń bilimi, kónlikpe hám ilimiy tájriybesi, dúnya qarasın, qızıǵıwshılıqların, basqarıw processinde tárbiyalıq qatnasıqlar bar ekenligin hám tárbiyalıq qatnasıqlarda “basshı-xızmetker” qatnasıqlarınıń kóp tárepliligin, basqarıw processinde óz-ara tikkeley tásirler bar ekenligin oyda sáwlelendiriw boladı.

Pertseptiv qábiliyetler-jámáát aǵzalarınıń, pedagog xızmetkerlerdiń, sonıń menen birge, oqıwshılardıń ishki dúnyasına kire biliw, psixologiyalıq gúzetiwshenlik, boysınıwshılardıń waqtınshalıq psixik jaǵdayları menen baylanıslı názik táreplerin túsindire biliwden ibarat qábiliyet bolıp tabıladı.

Kompetentli basshı boysınıwshılardıń hár qanday jaǵdaylardaǵı is-háreketlerinde, pedagog xızmetlerinde hár qıylı tapsırmalardı orınlanıwında ayqın sáwlelenetuǵın ayırım sırtqı jaǵdaylarında hám ishki dúnyasında júzege keletuǵın ózgerislerdi sezdirmey bilip aladı.

Sóylew qábileti-basshınıń óz pikirin, sezim-tuyǵıların nutq járdeminde, usınıń menen birge mimika hám pantomimika járdeminde anıq hám ayqın etip ańlatıw hám olardıń iskerligin belgili baǵdarda ózgertiw yamasa kerekli baǵdarda shólkemlestiriw qábiliyeti bolıp tabıladı.

Basshı óz pikirin yamasa tapsırmanıń mazmun hám mánisın boysınıwshılarǵa túsinikli tárizde jetkere alıwı zárúr. Ayırım xızmetkerlerge bir awız sóz jetkilikli, ayırımlarına bolsa uzaq túsindiriwge durıs keledi.

Berilip atırǵan tapsırmanıń mazmun-mánisi, áhmiyetin, sonıń menen birge, tapsırmanı orınlaw processindegi óz wazıypaların atqarıwshılar tolıq túsinip jetpese, berilgen tapsırmanı kewildegidey atqara almaydı.

Basshınıń sóylewı mánili, obrazlı, anıq-ayqın, intonaciyalı hám ańlatpalı, emociyaǵa bay, dana-dana bolıp, bunda stilistik hám grammatik qáteler ulıwma bolmawı lazım. Sonda ǵana basshı xızmetkerler tıńlamaydı, bálki esitedi hám túsinedi.

Shólkemlestiriwshilik qábiliyeti-bul birinshiden, tálim mákemesi jámáátin uyımlastıra biliw, yaǵnıy jámáátte birlik, tilekleslik hám birge islesiwdi payda etiw, jámáát aǵzaların biriktire alıw hám ekinshiden, óziniń jeke jumısın durıs shólkemlestire alıw qábileti bolıp tabıladı.

Basshınıń óz jumısın shólkemlestirip biliwi degende, onıń basqarıw iskerligin durıs joybarlawı, yaǵnıy buyrıq beriwi, tapsırma orınlanıwın tekseriwi, xızmetkerler iskerligin bahalawı hám hár qıylı qararlar qabıl etiwi jáne onı qadaǵalawı názerde tutıladı.

Kommunikativlik qábilet-bul xızmetkerler menen qatnasıqta bolıw, basqarıw qatnasıǵın durıs shólkemlestiriw, boysınıwshılarǵa jandasıwı ushın durıs jol tabıwı, olar menen pedagogikalıq kóz qarasın maqsetke muwapıq óz-ara baylanıs pedagogikalıq takttıń bar ekenligine qaratılǵan qábilet bolıp tabıladı.

Pedagogikalıq takttıń ayqın ańlatpalarınan biri-hár qanday pedagogikalıq tásirge salıstırǵanda qollanılatuǵın ilajlardı (xoshametlew, jazalaw, pánt-násiyat) sezinip biliwden ibarat esaplanadı. Qábiletli basshı xızmetkerlerge itibar berip ziyreklik menen qaraydı, olardıń individual psixologiyalıq qásiyetleri menen esaplasadı. Bunda áhmiyetlisi boysınıwshılarǵa tásir etiwdiń eń qolaylı usılların tabıw, tárbiyalıq tásirdi qollawda maqsetke muwapıq pedagogikalıq sharalarǵa itibar beriw, anıq pedagogik wazıypalardı esapqa alıw, xızmetker shaxsınıń psixologiyalıq qásiyetleri hám onıń imkániyatların hám usı pedagogikalıq jaǵdayların esapqa alıw zárúr.

Pedagogikalıq takttıń joqlıǵı kóbinese basqarıw processinde mashqalalardı payda etedi.

Basqarıw processinde xızmetkerlerge basshı tárepinen kóp ǵana talaplardıń keleside izbe-izlikke ámel qılınbawı hám jeke múmkinshiliklerdiń inabatqa alınbaslıǵı, sonıń menen birge bir shaxstıń ózine bir jumıs berip turıp, sol shaxsqa jáne bir neshe wazıypalardıń bir waqıttıń ózinede júkleniwi hám oǵan durıs qatnasta bolmawı joqarıdaǵı pikirimizdi tastıyıqlaydı.

Bilimlendiriw mákemesi basshılarında basshılıq qábiletleri menen bir qatarda insan ar-namısı hám belsendilik sıyaqlı basqa ulıwma insanıylıq páziyletler de qáliplesken bolıwı zárúr.

Basqarıw qábiletleriniń qáliplesiwi  aldı menen jeke páziyletlerdiń rawajlanıwı menen baylanıslı bolıp, olar óz-ara qarım-qatnaslarında rawajlanıw sistemasın quraydı. Rawajlanıw ózi de shaxstıń fizikalıq, aqılıy, ádep-ikramlılıq hám basqa páziyletleriniń rawajlanıwında kórinetuǵın process bolıp, bunda páziyletleri rawajlanǵan bolıwı zárúr eken.

Xalqımızdıń milliy úrp-ádetleri, dástúrleri, turmıs táriziniń analizlerine tiykarlanıp, dereklerde keltirilgen ulıwma adamgershilik  qásiyetlerden paydalanıp, búgingi  kúnde hámme adamlar sıyaqlı basshılarda qáliplesken tómendegi basqarıw qábiletlerin hám unamlı páziyletlerin rawajlandırıw zárúr dep esaplaymız.

Shaxstıń ulıwma páziyletleri jaǵımlılıq, dilbarlıq, kórkemlik, húrmetke ılayıqlılıq, ullılıq, uqıplılıq, basıqlıq, maslasıwshanlıq, mádeniyatlılıq, ádillik, ápiwayılıq bolıwı kerek.

Tárbiyalıq paziyletler–adamgershilik, qanaatlılıq, jankúyerlik, mehriybanlıq, haq niyetlilik, keń peyillik, keń kewillik, idealıq sadıqlıq, keshirimlılık, jeke mápten jámiyetlik mápti joqarı qoya alıwlıwı lazım.

Sonday-aq, iskerlik, uqıplılıq páziyletleri-quntlılıq, tirsheńlik, juwapkershilik, halallıq, básekige-sabırlılıq, shaqqanlıq, epshillik, baslamashılıq, isbilermenlik, shıdamlılıq, sabır-taqatlılıq, sabırlılıq, úzliksizlik, puxtalıq, abaylılıq, saqıylıq, mártlikler kiredi

Basshılıq ushın qolaylı hám maqul bolǵan mıńlaǵan shaxs sapaları ámelde bolıp, olardıń kóbisi basqarıw processinde óz nátiyjesin kórsetedi.

A. V. Petrovskiy áne sonday unamlı sapalardan bir yarım mıńın sanap shıqqan. Olardıń hámmesın ulıwmalastıratuǵın ayırım sapa hám qábiletler barlıq basshılarda qáliplesken bolıwı kerek. Qábiletler bilim, ilimiy tájriybe hám kónlikpelerdiń ózinde kórinbeydi, bálki olardı iyelew processinde kórinetuǵın boladı. Sonday etip, qábilet insanlardı sapa tárepinen bir-birinen parıqlaytuǵın individual psixologiyalıq ózgeshelik bolıp tabıladı. Hár qanday basshıda intellekt, aqıl-ziyrekliktiń belgili norması bolıwı kerek. Bul norma jaqsı basshı ushın ortashadan joqarı bolıwı zárúr. Mısalı, basshınıń ǵárezsiz pikirlilik, tapqırlıq, baslamashılıq sapaları bolıwı lazım.

Basshında ǵárezsizlik bolsa, ol jaǵdayda ózine isenim de boladı, bul bolsa óz gezeginde basshı daǵı subiektiv talaplar dárejesiniń joqarı bolıwına alıp keledi.

Joqarıda aytıp ótilgen basshılıq sapaları ishinde eń áhmiyetlisi haqqında, psixologiyalıq sheberlikti talap etiwshi-basshınıń insan resurların basqarıw sheberligi bolıp tabıladı. Sebebi, bunda basshı hár bir xızmetkerdiń psixologiyalıq qásiyetlerin hám topar psixologiyasın jaqsı biliwi zárúr, bul zárúriyattı ingliz ilimpazları “ózgeler psixologiyasın biliw olar ústinen húkimranlıqtıń birden-bir jolı” dep tariyiplegen.

Kásiplik tájiriybe-áwladlardıń social tájiriybesin ózlestiriw hám olardı basqarıw ámeliyatında qollawdı támiyinlep beretuǵın túsinikler sisteması bolıp, basshınıń óz iskerligi dawamında pán-texnika jańalıqlarına, jetekshi tájiriybelerge tayanıp ósindi hám usı tájiriybeler tiykarında óziniń kónlikpe hám ilimiy tájriybelerin qáliplestirip barıwı menen bir qatarda jámáát iskerligin basqarıwı bolıp tabıladı.

Pedagogikalıq sheberlik-pedagog xızmetkerler hám tálim processi qatnasıwshıları kewilin seziwi hám milliy baylıqlarımızdı, ómirlik tájiriybelerdi, pán hám texnika tarawlarındaǵı jetiskenliklerimizdi úyretiwdi támiyinleydi hám olardıń pedagogikalıq qábiliyetlerin rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

Kásiplik sheberlik hám proektlestiriw-basqarıwda strategiya, strategiyalıq maxset hám wazıypalardı durıs belgilew, qararlar qabıl etiw, shólkemniń ulıwma iskerligin proektlestiriw, innovaciyalıq iskerlikti shólkemlestiriw, basqarıw processine sistemalı jandasıwlardı proektlestiriw texnologiyaların engiziw hám basqarıw usılları, metodları hám principlerinen nátiyjeli paydalanıw bolıp tabıladı.